

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab baris dipedar ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku sababaraha unsur, nyaéta metode panalungtikan, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, intrumén panalungtikan, téhnik ngolah data, jeung prosedur panalungtikan.

#### **3.1 Métode Panalungtikan**

Métode panalungtikan asalna tina basa Latin *methodos* anu hartina cara atawa jalan nu kudu dilakonan. Métode panalungtikan bisa dihartikeun minangka cara anu dipaé ku panalungtik dina ngumpulkeun data panalungtikan (Arikunto : 2010, kc. 192). Piekun ngahontal tujuan panalungtikan, métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif analisis. Métode déskriptif analisis dilakukeun ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta anu saterusna éta fakta-fakta téh dianalisis (Ratna : 2015, kc. 53).

Métode déskriptif analisis digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun atawa ngajelaskeun sacara sistematis, faktual, jeung akurat ngeunaan unsur fakta-fakta nu aya dina carita barudak *Nala* karya Darpan. Ku ieu cara, dipiharep bisa dibeunangkeun gambaran anu dimaksud kalayan objéktif.


Fakta-fakta anu didéskripsikeun dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita, aspék-aspék sosial nu ngawengku status sosial jeung prosés sosial, ajén atikan karakter nu nyoko kana ajén karakter catur tunggal watak nu ngawengku; (1) olah hati; (2) olah pikir; (3) olah raga jeung kinéstétik; jeung (4) olah rasa jeung karsa.

#### **3.2 Desain Panalungtikan**

Dina ngalakukeun panalungtikan, tangtu panalungtik kudu nataharkeun sagala nu dibutuhkeun dina prosés panalungtikan. Sangkan panalungtikan

lumangsung sacara lancar, ku kituna dina ngalakukeun panalungtikan diperlukeun hiji desain. Desain panalungtikan boga tujuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan nepi ka nyangking hiji logika, boh dina nguju hipotésa boh dina nyieun kacindekan. Singgetna desain panalungtikan téh peta konsep atawa rarancang sangkan panalungtikan bisa ngahontal tujuanna.

Desain panalungtikan nu dipaké dina panalungtikan carita barudak *Nala* karya Darpan kalayan maké ulikan sosiologi sastra jeung étnopédagogik, sacara gurat badag digambarkeun dina ieu bagan di handap.



**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**

### 3.3 Sumber Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita, aspék-asoék sosiologis, jeung ajén atikan karakter dina téks carita barudak. Struktur carita nu diulik nyaéta téma, fakta carita (galur, palaku, jeung latar) jeung sarana carita (judul, puseur

panitén, gaya basa, jeung nada), aspék-aspék sosiologi nu diulik ngawengku status sosial jeung prosés sosial. Ari ajén atikan karakter nu diulik nyoko kana catur tunggal watak, nyaéta; olah hati, olah pikir, olah raga jeung kinéstétik, sarta olah rasa jeung karsa.

Sumber data ieu panalungtikan nyaéta carita barudak *Nala* karya Darpan. Pikeun leuwih jéntré deui, ieu sumber data panalungtikan bakal didadarkeun ieu di handap:

Judul Buku : Nala  
 Pangarang : Darpan  
 Pamedal : PT. Kiblat Buku Utama  
 Taun Medal : 2016  
 Jumlah Kaca : 76  
 Ukuran Buku : 21 cm x 15cm

Ieu buku mangrupa carita barudak karya Darpan anu dilélér hadiah Samsodi dina taun 2017. Darpan mangrupa salah sahiji sastrawan Sunda anu kawilang produktif. Sastrawan anu dibabarkeun di Karawang dina ping 4 Mei 1970 ieu geus sababraha kali dilélér hadiah sastra LBBS dina taun 1992, 1994, 1996, 1997, jeung 1998. Salian éta, Anjeunna ogé kungsi kasinugrahan Hadiah Sastra DK Adiwinata ti Paguyuban Pasundan keur widang carpon jeung dtrama dina taun 1993, 1994, 1995, 1996. Antara taun 1995-1996 ogé, Darpan tilu kali meunang hadiah carpon bulanan Manglé. Darpan ogé mindeng ngarang karya sastra keur bacaeun barudak. Salian *Nala*, aya sababraha karya séjénna saperti *Goong Siluman*, *Nu Harayang Dihargaan*, jrrd.

Carita barudak *Nala* nyaritakeun kisah ngeunaan budak awéwé nu rada tomboy nu ngan ukur hirup duaan jeung indungna. Nala masih kénéh sakola di SD. Ari indungna mah sapopoéna tukang ngajualan kuéh nu sok dititpkeun di toko Koh Aling.

Ngaran Nala hartina haté. Pangna dingaranan kitu, lantaran indungna ngaggap Nala téh buah haténa anu moal kapopohokeun. Rék beurag rék peuting, Nala bakal salawasna dipikanyaah ku indungna. Kitu deui sabalikna, Nala ogé

nyaahéun pisan ka indungna. Dina éta carita, teu kacaritakeun kamana bapana Nala.

Hirup duaan jeung indungna henteu ngalantarankeun Nala nalangsa. Sabalikna, réa pangalaman anu éndah kaalaman ku Nala jeung indungna. Pait peuheurna hirup disanghareupan ku duaan. Henteu babarian aral, hentei épésméér. Nu utamana mah horéng unggal pasualan nu kapanggih aya jalan kaluarana.

### 3.4 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun studi pustaka/kajian kapustakaan (*library research*) kana carita barudak *Nala* karya Darpan. Carita barudak ieu jadi sumber data utama atawa *primer* dina ieu panalungtikan. Sacara hermeneutis, kajian kapustakaan ieu dilakonan ku cara ngaregepkeun sacara langsung jeung makapaham harti sacara rasional. Pikeun ngalaksanakeun éta hal, dimekarkeun rambu-rambu studi dokuméntasi anu miboga fungsi minangka instrumén panalungtikan. Téhnik studi dokuméntasi dilarapkeun ngaliwatan tilu tahapan, di antarana:

1. Panalungtik maca sacara kritis sumber data dina carita barudak *Nala* karya Darpan. Hal ieu dilakonan sangkan panalungtik bisa makapaham jeung bisa ngama'naan eusi anu aya dina sumber data.

2. Panalungtik maca sacara tututulyan jeung sababaraha kali sumber data carita barudak *Nala* karya Darpan.

3. Panalungtik maca sakali deui sumber data pikeun nandaan bagian-bagian téks dina carita barudak *Nala* karya Darpan anu tuluy dijadikeun data jeung dianalisis leuwih jero. Nandaan saperti kieu disaluyukeun jeung sumber data.

Ku cara tilu tahapan sperti kitu, dipiharep bisa dipaluruh data kalawan imeut.

### 3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan dimimitian ku ngawincik data-data dina carita barudak *Nala* karya Darpan, satuluyna pasualan-pasualan nu aya

dipedar dina wangun pedaran. Léngkah-léngkah dina ngolah data, dipedar ieu di handap.

#### a. Déskripsi

Dina ieu panalungtikan didéskrripsikeun eusi carita barudak *Nala* karya Darpan, tuluy sakabéh data nu kakumpul dipatalikeun jeung pasualan nu baris ditalungtik.

#### b. Analisis

Data nu geus didéskrripsikeun tuluy dianalisis saluyu jeung pasualan nu dipedar. Saenggeus eusi *carita barudak Nala karya Darpan* didéskrripsikeun, data-data nu aya tuluy dianalisis strukturna, kalayan merhatikeun unsur intrinsik nu aya dina ieu carita. Analisis satuluyna diteruskeun ku analisis aspék sosialna sacara sosiologi sastra anu aya dina éta karya anu ngawengku status sosial jeung prosés sosial. Saenggeus kitu, satuluyna dianalisis sacara étnopédagogik pikeun nangtukeun ajén atikan karakter anu aya dina éta karya, tuluy dipungkas ku nyieun alternatif bahan pangajaran maca di SD dumasar kana éta karya.

### 3.6 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa pasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2010 kc. 203). Nurutkeun Sugiyono (2010, kc. 305), dina panalungtikan kualitatif, anu jadi instrumén nyaéta panalungtik éta sorangan. Posisi panalungtik dina panalungtikan kualitatif minangka *human instrument*, anu miboga fungsi netepkeun fokus panalungtikan, ngumpulkeun data panalungtikan, ngajénan kualitas data, nafsirkeun data, jeung nyieun kaindekan tina pamanggihna.

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun ngadukung léngkah-léngkah oprasional panalungtikan utamana anu patali jeung téknik ngumpulkeun data. Dina ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik dibantu ku instrumén-instrumén mangrupa lembar analisis struktur novel, lembar analisis aspék sosial, jeung

lembar analisis ajén atikan karakter. Dina ieu panalungtikan, aya tilu instrumén anu digunakeun, nyaéta:

#### a. Format Analisis Struktur Novel

Aspék nu dianalisis	
(1)	(2)
1. Téma	Gambaran utuh carita
2. Galur (Fakta Carita)	<p>a. Dibentuk tina susunan gerak peristiwa-peristiwa anu diakibatkeun ku interaksi antar-palaku</p> <p>b. Peristiwa-peristiwa anu bisa ngabentuk éta galur aya dina hiji jalinan atawa rangkéan anu miboga hubunga <i>kausalitas</i> jeung ngaruntuy sacara kronologis sarta logis nurutkeun runtuyan waktu</p> <p>c. Tahapan galur dibagi kana ngawanohkeun, konflik, komplikasi, klimaks, jeung solusi</p>
4. Latar/ <i>setting</i> (Fakta Carita)	<p>a. Latar tempat : dumasar kana tempat kajadian hiji peristiwa</p> <p>b. Latar waktu : dumasar kana “iraha” kajadian hiji peristiwa</p> <p>c. Latar sosial : dumasar kana hal-hal anu aya patalina jeung kahirupan sosial masarakat di hiji tempat anu dicaritakeun</p>
5. Puseur Panitén (Sarana Carita)	<p>a. Panagarang aya dina carita minangka palaku kahiji</p> <p>b. Pangarang aya dina carita minangka lain palaku kahiji</p> <p>c. Pangarang sama sakali teu nyampak dina carita</p>
6. Gaya Basa jeung Nada (Suasana)	<p>a. Gaya Basa dumasar kana basa pangarang dina ngébréhkeun gagasan-gagasana ngaliwatan carita</p> <p>b. Nada atawa Suasana dumasar kana cara pangarang ngébréhkeun pikiran jeung rasaanana</p>

**Tabel 3.1**  
**Format analisis Stuktur Novel**

**b. Format Analisis Aspék Sosial**

No.	Aspék Sosial	Indikator
1	Status Sosial	Pakasaban, Atikan jeung Pangaweruh, Pakaya, Agama.
2	Prosés Sosial	Gawé Bareng, Persaingan, Konflik, Akomodasi.

**Tabel 3.2**  
**Format Analisis Aspék Sosial**

**c. Format Analisis Ajén Atikan Karakter**

No.	Ajén Atikan Karakter	Indikator
1	Olah Hati	Ditandaan ku karakter kaimanan & katakwaan, émpati, ikhlas/tumarima
2	Olah Pikir	Ditandaan ku karakter calakan/pinter, rasa hayang nyaho, seukeut pikir, pantrang sumerah
3	Olah Raga jeung Kinéstétik	Ditandaan ku karakter ulet, jigrah, kuat
4	Olah Rasa jeung Karsa	Ditandaan ku karakter toléran, perduli, resep nulungan, gawé bareng

**Tabel 3.3**  
**Format Analisis Ajén Atikan Karakter**

**3.7 Prosedur Panalungtikan**

Ieu panalungtikan dilakonan ku cara maca sacara holistik atawa maluruh kalawan imeut kana sumber data. Salian éta, dilakonan ogé téknik maca *retroaktif* atawa hermeneutik. Hartina, maca bulak-balik sangkan bisa paham kana ma'na,

satuluyna hasil tina éta pamacaan dijadikeun dasar pikeun ngaklasifikasi jeung ngelompokkeun data dumasar unsur-unsur anu saluyu jeung tujuan panalungtikan.

Anapon téhnik atawa léngkah-léngkah anu dilakonan dina ieu panalungtikan, saperti ieu di handap:

1. Milih jeung nangtukeun novel anu baris ditalungtik. Dina ieu panalungtikan kapilih novél genre barudak/carita barudak *Nala* karya Darpan.
2. Maca, nalaah jeung mahaman apék-aspék sosial jeung ajén atikan arakter anu nyangkaruk dina carita barudak *Nala* karya Darpan.
3. Nulis atawa nyatet data mangrupa kecap, frasa, atawa kalimah jeung sajabana anu nyangkaruk dina carita barudak *Nala* karya Darpan sarta aya patalina kana pasualan panalungtikan.
4. Ngelompokkeun data atawa nglasifikasikeun data anu aya dina carita barudak *Nala* karya Darpan dumasar kana pasualan panalungtikan.
5. Ngadéskripsikeun data dumasar kana pasualan panalungtikan.
6. Nganalisis data dumasar kana pasualan panalungtikan.
7. Mahaman téks dumasar kana pasualan panalungtikan.
8. Nyimpulkeun hasil analisis dumasar kana pasualan panalungtikan.
9. Nyieun laporan hasil panalungtikan.



